

Re-otorizasyon pou Paran yo itilize Sèvis ESOL Dirèk

Lè mwen siyen dokiman sa a, mwen konprann ke pitit mwen an, _____, klas _____ kalifye pou l resevwa sipò nan lang atravè pwogram Angle pou moun ki pale lòt lang (English to Speakers of Other Languages (ESOL)) distri lekòl la ofri a. Nou baze desizyon sa a sou yon evalyasyon konpetans li nan lang Angle nan domèn lekti, ekriti, koute ak pale nan Tès Plasman Konsepsyon ak Evalyasyon Enstriksyon Klas Mondyal nan Evalyasyon Konpreyansyon ak Kominikasyon nan Lang Angle Eta pa Eta pou Kindègadenn (Kindergarten W-APT), Tès Depistaj Konsepsyon ak Evalyasyon Enstriksyon Klas Mondyal pou Kindègadenn (Kindergarten WIDA Screener), Tès Depistaj Evalyasyon Konpreyansyon ak Kominikasyon nan Lang Angle Eta pa Eta pou Elèv k ap Aprann Angle (WIDA Screener), Tès Evalyasyon Konpreyansyon ak Kominikasyon nan Lang Angle Eta pa Eta pou Moun k ap Aprann Angle (ACCESS for ELLs). Nòt pitit mwen an endike ke li pral benefisye yon sipò nan lang adisyonèl pou li ka jwenn aksè nan kourikoulòm nan epi fè travay li nan lekòl la pi byen.

Mwen konprann lè mwen siyen fòm sa a, mwen chwazi pou m re-otorize sèvis sipò dirèk ESOL lekòl la rekòmande pou pitit mwen an.

Mwen konprann ke yo ofri pwogram ESOL la gratis pou paran yo epi ke li pa izole yon timoun lwen anviwònman klas regilye a. Pwofesè ESOL yo ak pwofesè salklas yo travay an kolaborasyon pou yo ogmante kourikoulòm nan nivo klas la epi yo bay sipò siplemantè pou elèv yo devlope bon jan ladrès solid nan Angle epi pou yo ka jwenn plis siksè nan aprantisaj kontni ki bon pou nivo klas yo.

Mwen konprann tou ke lalwa federal egzije pou pitit mwen an sibi yon evalyasyon chak ane pou yo detèmine si li toujou kalifye pou ESOL. Evalyasyon sa a obligatwa pou tout elèv ki kalifye pou nou asire nou ke elèv yo ap fè pwogrè nan lang Angle. Mwen konprann mwen pral resevwa yon avi chak ane sou rezilta tès ACCESS for ELLs pitit mwen an ak nivo kalifikasyon l pou ESOL jiskaske pitit mwen an rive gen bon jan konpetans nan lang Angle, jan evalyasyon sa a detèmine li a.

Mwen konprann ke nenpòt kilè mwen ka chwazi pou m retire pitit mwen an nan sèvis ESOL dirèk la.

Siyati Paran/Responsab Legal

Dat

Siyati Pwofesè ESOL la

Dat

Siyati Administratè a

Dat